



FÈY ENFÒMASYON SOU PWOPZISYON VÒT

5 novanm 2019, moun Vil New York yo pral gen chans pou yo amande Manman-Lwa nou an — konstitisyon Vil la — nan vote sou pwopozisyon vòt yo ki kouvri divès kalite sijè, soti nan eleksyon rive nan responsablite lapolis. Nan sezon otòn sa a, **ou kapab vote sou sa.**

KESYON #1 – ELEKSYON

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Tabli chwa vòt selon klasman nan eleksyon primè ak eleksyon espesyal yo pou Majistra, Defansè Piblik, Kontwolè, Prezidan Minisipal ak Manm Konsèy. Yo kapab klase jiska 5 kandida. Sa pral aplike pou eleksyon primè ak eleksyon espesyal yo 1ye janvyè 2021 oswa apre 1ye janvyè 2021.
- Pwolonje tan pou òganize Eleksyon Espesyal yo apre yo kite yon pòs vid nan Vil la rive 80 jou pou konsidere lwa Eta ak lwa federal ki gen pou wè ak vòt militè yo ak vote bonè.
- Amande delè pou yo redekoupe distri Konsèy yo pou asire yo tabli limit yo nan yon delè rezonab pou eleksyon primè pou Konsèy 2023 yo.

KESYON #2 – KONSÈY REVIZYON PLENT SIVIL YO

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Amande Estrikti Konsèy Revizyon Plent Sivil yo (Civilian Complaint Review Board, CCRB) nan ajoute de (2) manm, youn nan Defans Piblik la epi yon nominasyon nan tèt ansanm Majistra a ak Konsèy la fè (ki pral jwe wòl Prezidan tou), epi di Konsèy minisipal la nonmen dirèkteman manm li yo nan Konsèy la.
- Mande pou Komisè Polis la bay CCRB a yon espikasyon ki detaye lè li ap deside enpoze mezi disiplinè sou polisye ki pa respektè nivo disiplin swa CCRB oswa Soukomisè Pwosè Depatman Lapolis New York (NYPD) la rekòmande.
- Pèmèt konsèy CCRB a delege pouvwa asiyasyon li genyen an bay Direktè Egzekitif li an.
- Pèmèt CCRB a mennen ankèt sou deklarasyon ofisyèl ki petèt pa verite yon polisye li ap mennen ankèt sou li fè epi rekòmande mezi disiplinè, si sa apwopriye.
- Bay CCRB yon bidjè minimòm ki ase pou finanse pèsònèl CCRB a ki egal ak 0.65% kantite polisye ki ann inifòm yo, sof si Majistra a deside nesosite fiskal la mande yon bidjè ki pi ba.

KESYON #3 – ETIK AK GOUVÈNANS

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Pwolonje Entèdiksyon Konparisyon Apre Travay pou Eli yo ak kèk Wo Fonksyonè yo Nonmen soti yon (1) lane rive de (2) lane pou anplwaye/fonksyonè ki kite sèvis minisipal la 1ye janvyè 2022 oswa apre 1ye janvyè 2022.

KESYON #3 – ETIK AK GOUVÈNANS (kontinye)

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Amande estrikti Konsèy Konfli Enterè a (Conflicts of Interest Board, COIB) nan ranplase de (2) manm Majistra a nonmen kounye a avèk yon (1) manm Kontwolè a nonmen ak youn Defansè Piblik la nonmen; epi aktyalize egzijans kowòm yo.
- Limite aktivite politik manm konsèy COIB yo nan anpeche yo patisipe nan kanpay pou pòs elektif lokal yo, ak nan redui montan maksimòm kòb yo kapab mete nan montan kandida yo kapab resevwa nan men moun k ap fè biznis nan Vil la (\$400 oswa mwens, selon pòs la).
- Mande pou Direktè M/WBE nan tout vil la rann kont dirèkteman bay Majistra a epi pou biwo majistra nan M/WBE yo sipòte li.
- Mande konsèy ak konsantman Konsèy Minisipal la pou Majistra a nonmen Konsèy Jiridik la.

KESYON #4 – BIDJÈ VIL LA

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Pèmèt Vil la itilize yon “fon ijans” pou sere lajan pou l itilize nan ane k ap vini yo, tankou pou rezoud pwoblèm kòb yo pa atann yo. Yo pral bezwen fè chanjman nan lwa Eta a tou pou yo kapab itilize fon ijans sa a.
- Fikse bidjè minimòm ki garanti pou Defansè Piblik la ak Prezidan Minisipal yo nan nivo oswa pi wo pase bidjè bidjè respektif yo pou Ane Fiskal 2020 an, ki ajiste nan ane fiskal k ap vini yo an fonksyon to enflasyon ki pi ba a oswa chanjman pousantaj la nan bidjè pou depans total Minisipalite a (san konte kèk eleman), sof si Majistra a decide yon nesosite fiskal mande yon bidjè ki pi ba.
- Mande pou Majistra a soumèt yon estimasyon revni bay Konsèy Minisipal la anvan 26 avril (olye se 5 jen). Majistra a pral kapab aktyalize estimasyon fiskal la apre dat sa a, men si y ap soumèt estimasyon ajou a apre 25 me, Majistra a dwe esplike rezon ki fè estimasyon ki ajou a te nesèsè sou plan fiskal.
- Mande pou Majistra a soumèt modifikasyon bidjè yo bay Konsèy la nan yon delè 30 jou apre soumisyon nenpòt mizajou peryodik plan finansye Minisipalite a pandan ane a.

KESYON #5 – ITILIZASYON TÈ

Amandman pwopoze sa yo pral:

- Bay yon Peryòd Avi Pre-Sètifikasyon ULURP nan mande Depatman Amenajman Iben an pou l transmèt yon rezime pwojè aplikasyon ULURP yo bay Komite Kominotè ki afekte a, Prezidan Minisipal ak Konsèy Minisipal la omwen 30 jou anvan yo sètifye aplikasyon yo pou revizyon piblik, epi afiche rezime a sou sitwèb li an.
- Bay Komite Kominotè yo plis tan pou yo revize aplikasyon ULURP Depatman Amenajman Iben sètifye pou revizyon piblik yo ant 1ye jen ak 15 jiyè, soti nan peryòd aktyèl revizyon 60 jou a rive 90 jou pou aplikasyon ki sètifye nan mwa jen yo, epi rive 75 jou pou aplikasyon ki sètifye ant 1ye jiyè ak 15 jiyè yo.